

Sa pou w Fè Si yo Vòlè Avantaj EBT ou yo sou Fòm Elektwonik



Yo kapab vòlè avantaj SNAP oswa Ēd Lajan Kach ou yo menmsi w pa janm pèdi kat EBT ou a. Sa rive pi souvan pa mwayen de (2) kalite vòlè ki rele 'skimming' (ekremaj) ak 'phishing' (amsonaj).

Ekremaj: Vòlè yo enstale yon dispozitif sou lektè kat yon magazen ki kopye enfòmasyon ki gen rapò ak kat EBT, kredi, ak debi yo. Vòlè yo itilize enfòmasyon yo pou fè fo kat (ki rele "klòn") epi, yo itilize yo pou vòlè lajan sou kont yo. Yo kapab fè ekremaj nenpòt kote w pase kat EBT ou a.


Amsonaj: Se yon kalite vòlè diferan kote vòlè yo pouse moun klike sou yon lyen (an jeneral yo voye nan mesaj tèks oswa imèl) ki pèmèt yo gen aksè nan enfòmasyon sou kont ou.

Kisa mwen dwe fè si yo vòlè avantaj mwen yo?

ETAP 1: Deklare yo vòlè kat ou (menmsi yo pa vòlè kat la vre). Pou fè konnen yo vòlè kat ou, pou mande yon nouvo kat, epi chanje PIN, tanpri ale sou www.ebtedge.com oswa rele Sèvis Kliyantèl EBT a nan 888-328-6399. Ou p ap resevwa okenn ranplasman avantaj si w pa deklare yo te vòlè kat EBT ou a. Si w te gentan deklare yo vòlè kat ou a nan moman vòl la, ou pa bezwen rapòte sa ankò.

ETAP 2: Jwenn Antesedan Tranzaksyon EBT ou a. Pou soumèt yon reklamasyon pou ranplasman avantaj, ou dwe rapòte dat, lokal, ak montan chak tranzaksyon lajan endividyèl ki se fwod (tranzaksyon moun ki vòlè kat ou a fè, men, se pa tranzaksyon ou menm oswa moun nan fanmi w fè).


Fason pou jwenn Antesedan EBT ou yo:



Opsyon 1: Verifye antesedan EBT ou a nan www.ebtedge.com oswa lè w telechaje aplikasyon mobil ebtEDGE a (li disponib pou telechaje nan Apple App Store ak Google Play Store).

Opsyon 2: Rele liy gratis Sèvis Kliyantèl EBT a nan 1-888-328-6399. Ou kapab verifye 10 dènye tranzaksyon w fè yo nan meni otomatik la, mande yon relve enprime pou de (2) mwa antesedan kont ou an apati meni otomatik la, oswa verifye tranzaksyon w yo avèk yon reprezantan sèvis kliyantèl la an pèsòn. Pou tranzaksyon ki te fèt sa gen plis pase 15 mwa, ou ap bezwen pale ak yon reprezantan.

ETAP 3: Soumèt yon reklamasyon pou Ranplasman Avantaj. Yonfwa ou fin idantifye ki tranzaksyon ki se fwod, ou pare pou soumèt yon reklamasyon.



Gen plizyè fason pou soumèt yon reklamasyon:

1. **Anliy** sou nyc.gov/hra se fason ki pi rapid, pi fasil pou soumèt yon reklamasyon! Nou vrèman rekòmande pou w soumèt yon reklamasyon anliy, si posib.
2. **Kourye Lapòs:** Pou jwenn yon fòm reklamasyon sou papye:
 - Ale sou nyc.gov/hra epi enprime li.
 - Rele liy Enfòmasyon (718-557-1399), epi mande yo voye yon fòm pou ou pa lapòs.
 - Ale nan Sant ki nan zòn ou an.

Voye fòm reklamasyon sou papye ki ranpli yo pa lapòs nan:
Department of Social Services
P.O. Box 02-9121
Brooklyn GPO, Brooklyn, NY 11202

Soumèt yon fòm reklamasyon sou papye, sitou lè w mande yo voye yon fòm pou ou pa lapòs, se metòd ki pi lan an, epi sa kapab pran plis tan pou yo resevwa reklamasyon w lan epi pou bay ranplasman avantaj yo.

3. **An Pèsòn:** Ou kapab ale nan nenpòt Sant Aksè Avantaj (BAC), Sant SNAP oswa nan lokal HASA. Ou kapab jwenn Sant SNAP ak BAC yo sou nyc.gov/hra (anba onglè 'Locations' (lokalizasyon) yo).

Lè w Depoze yon Reklamasyon

Anplis dat la, zòn nan, chak tranzaksyon ki se fwod, ansanm ak kantite lajan yo vòlè a, ou ap bezwen **adrès postal ou tou, Nimewo Idantifikasyon Kliyan (CIN), ak Nimewo Dosye ki koresponn ak peryòd kote yo te vòlè avantaj ou yo.**

CIN ou an ekri sou kat EBT pèmanan w lan, epi Nimewo Dosye w la disponib nan nenpòt avi HRA te voye, oswa sou kont ACCESS HRA ou a (si w gen youn). Si w pa kapab jwenn Nimewo Dosye w la, rele Liy Enfòmasyon HRA (718-557-1399) oswa ale nan Sant SNAP, BAC oswa HASA nan zòn ou an.

Si yo vòlè ni avantaj SNAP ni avantaj Lajan Kach ou yo, ou dwe rapòte yo sou menm fòm reklamasyon an. Ap gen seksyon separe nan fòm nan, donk tranzaksyon yo p ap melanje.



Nan fòm reklamasyon an, ou ap bezwen antre ni dat kote yo te vòlè avantaj SNAP ak/oswa avantaj Lajan Kach ou yo, ni dat lè ou te rann ou kont yo vòlè yo a, tranzaksyon yo se te fwod, ansanm ak motan total yo te vòlè a. Asire w ou kenbe avantaj SNAP ak Lajan Kach yo separe, epi pa melanje toude nan fòm nan.

Asire w ou tcheke kare a ki montre enfòmasyon ou bay yo se laverite epi yo egzak. Si w pa fin ranpli atestasyon an, nou p ap aksepte fòm reklamasyon w lan.